



STATE OF NEW YORK  
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL

ERIC T. SCHNEIDERMAN  
PWOKIRÈ JENERAL



NEW YORK STATE EDUCATION DEPARTMENT  
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

MARYELLEN ELIA  
KOMISYONÈ EDIKASYON  
PREZIDAN INIVÈSITE ETA NEW YORK

27 fevriye 2017

Kèk mezi resan ki gen rapò ak imigrasyon ke fonksyonè federal yo pran kreye laperèz ak konfizyon nan tout peyi a. Rezidan Eta New York yo, ke ajans nou yo ansanm avèk Konsèy Administrasyon Eta New York la te pran angajman pou n sèvi, te kominike dirèkteman avèk ajans nou yo sou anksyete ak kesyon ke mezi sa yo te soulve. Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (“OAG”) a ak Depatman Edikasyon Eta New York (“SED”) a ap ekri jodia pou reyafime bay elèv, lekòl, fanmi ak kominote yo nan tout Eta New York la ke lekòl nou yo ap rete yon refij san danje kote tout elèv ka aprann.

Selon Lwa sou Edikasyon nan Eta New York la, timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou y al nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite. Metsouli, distri lekòl yo dwe asire ke tout elèv ki nan laj obligatwa pou yo enskri lekòl, ale lekòl sou baz ansèyman a tanplèn.<sup>1</sup> **Timoun ki san papye, menm jan ak timoun ki se sitwayen ameriken, gen dwa pou y al lekòl a tanplèn depi yo satisfè egzijans laj ak rezidans ke lwa leta a tabli yo.** Efektivman, Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare, gen kèk deseni desa, nan ka *Plyler kont Doe*, ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.<sup>2</sup>

An konsekans, OAG/SED te souliyen dwa enpòtan sa a ke elèv san papye yo genyen nan direktiv pou distri lekòl yo ke, nan moman enskripsyon an, lekòl yo pa dwe poze kesyon sou estati imigrasyon ki ka devwale estati imigrasyon yon timoun, sètadi mande yon nimewo Sekirite Sosyal.<sup>3</sup> Nou te konseye tou ke, pandan distri lekòl yo ka bezwen kolekte yon seri done selon lwa leta ak/oswa lwa federal yo, yo dwe fè sa apre ke yon elèv fin enskri nan lekòl la pou yo pa

---

<sup>1</sup> *Gade* Lwa sou Edikasyon §§ 3202(1), 3205.

<sup>2</sup> *Plyler kont Doe* (*Plyler v. Doe*), 457 U.S. 202 (1982); ~~457 U.S. 202~~

bay enpresyon envolontèman ke y ap itilize enfòmasyon sou estati imigrasyon yo nan detèminasyon enskripsyon yo.<sup>4</sup>

Pa gen lontan, ajans nou yo te resevwa kesyon espesifikman sou obligasyon distri lekòl yo genyen vizavi pwobabilite pou demann enfòmasyon ke reprezantan Fòs Lòd Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (“ICE”) ka fè, sa genyen ladan demann pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa pou yo jwenn aksè nan dosye elèv yo. Jan nou konnen l, plizyè lwa enpoze obligasyon legal sou distri lekòl yo nan sa ki gen pou wè ak fòs lòd k ap kesyone elèv nan lekòl ak konfidansyalite dosye elèv yo, ki enkli Lwa sou Tribinal Familyal New York (“NYFCA”) la ak Lwa federal sou Dwa Edikasyonèl ak Konfidansyalite Vi Prive Fanmi an (“FERPA”). Yon vyolasyon obligasyon sa yo, menm si se pou onore rekèt otorite imigrasyon federal yo, ka ekspoze distri lekòl yo a responsabilite sivil. Poutèt sa, ajans nou yo ankouraje tout anplwaye distri lekòl yo konsilte sipè-entandan ak avoka lekòl yo san pèdi tan lè yo resevwa yon demann ke yon ofisye imigrasyon federal fè. Anvan yo reponn yon demann konsa, anplwaye distri lekòl

vyole FERPA.<sup>6</sup> FERPA jeneralman entèdi distri lekòl ki resevwa fon federal divilge enfòmasyon pèsonèl ki ka pèmèt idantifye yon moun (“PII”) ki nan dosye edikasyon yon elèv san konsantman paran an oswa elèv elijib la. FERPA pèmèt divilgasyon sa a san konsantman sèlman si divilgasyon an reponn ak sèten kondisyon limite ki etabli nan règleman ki aplike lwa a. Kondisyon limite sa yo gen ladan yo demann ke endividi gouvènman federal la ke yo enimerè espesyalman fè<sup>7</sup>. **Sepandan, yon demann ICE fè oswa lòt ofisye imigrasyon federal fè pou aksede enfòmasyon PII elèv ki nan dosye edikasyon yo pa parèt**